



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 19 septanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 22 PWOPRIYETE NOMINE POU RANTRE NAN REJIS PLAS ISTORIK ONIVO NASYONAL AK ETA

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Konsèy Eta New York pou Prezèvasyon Istorik te rekòmande pou yo ajoute 22 pwopriyete resous ak distri nan rejis plas istorik Nasyonal ak Eta yo.

“Pwoteksyon kote istorik sa yo se yon fason enpòtan pou onore ak pataje eritaj New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Kote sa yo se yon egzanp vizib fyète ak divès eritaj eta nou an epi m ankouraje tout Nouyòkè pou yo aprann plis sou istwa estraòdinè Eta nou an.”

“Nominasyon sa yo montre divès fòs ki rantre nan bay listwa New York fòm,” te deklare Rose Harvey, Manm Komisyon Office of Parks, Recreation and Historic Preservation eta a. “Lis pwen repè sa yo ap bay memwa fizik pase nou yo rekonesans ak sipò yo merite.”

Lis rejis nasyonal ak eta kapab ede mèt pwopriyete yo nan modènize bilding yo, fè yo elijib pou plizyè pwogram prezèvasyon piblik ak sèvis tankou mache sibvansyon eta ak kredi taks pou reyabilitasyon istorik onivo federal ak eta.. Lè yo konsidere kredi taks reyabilitasyon istorik komèsyal onivo federal ak eta ki administre nan Biwo Prezèvasyon Istorik Eta, devlopè yo te investi \$1 milya dola nan tout eta nan lane 2013 pou renove pwopriyete yo ki te liste nan rejis nasyonal plas istorik yo, pandan mèt pwopriyete yo ap itilize kredi taks pou reyabilitasyon istorik yo te investi plis pase \$14.3 milyon dola nan tout eta nan amelyorasyon kay pou ede renove katye istorik yo.

Rejis nasyonal ak eta a se lis ofisyèl bilding, estrikti, distri, peyizaj, objè ak sit enpòtan nan istwa, achitekti, akeyoloji ak kilti Eta New York ak nan peyi a. Gen plis pase 90.000 bilding istorik, estrikti ak sit toupatou nan eta ki liste nan rejis nasyonal plas istorik la, swa pou kont yo, swa tankou eleman nan distri istorik yo. Mèt pwopriyete, minisipalite ak òganizasyon nan kominote toupatou nan eta a te pwomote nominasyon yo.

Yon fwa ofisyèl prezèvasyon istorik eta a apwouve rekòmandasyon yo, pwopriyete yo liste nan Rejis Plas Istorik Eta New York la epi apresya yo nomine nan rejis nasyonal plas istorik la, kote yo revize yo, epi yon fwa yo apwouve, yo rantre nan rejis nasyonal la.

Haitian Creole

Men lis nominasyon yo:

Konte Albany

Washington Park Historic District, Albany -- nominasyon an elaji fwontyè distri a ki te kreye nan lane 1972 pou rantre ladann 23 bilding istorik anplis nan nodès pak la ak sou Spring Street, tankou anpil ansyen kay cheval ak kalèch ki te sèvi pi gwo rezidans sou State Street.

Konte Bronx

Chevre Linas Hazedek Synagogue of Harlem and the Bronx, Bronx – sinagòg la te bati mòso pa mòso soti lane 1928 rive 1932 apre nouvo liy sobwe te fasilite Jwif New York pou migre nan katye Soundview a, epi egzanp byen pwoteje achitekti sinagòg neyowoman jodi a sèvi kòm kay Green Pasture Baptist Church la.

Konte Delaware

Maxbilt Theatre, Fleischmanns – egzanp entak distenktif ak esepsonal yon teyat rejyonal te konstwi nan lane 1929 pandan heyday epòk resort Catskill pa Max Silberman, yon imigran jwif ris kit e vin youn nan devlopè real estate pi selèb nan rejyon an.

Konte Chemung

Mount Saviour Monastery, Pine City – depi lè imigran Alman te achte l nan lane 1865, fèm lan pa janm sispann fonksyone jiska prezan epi reprezante transfòmasyon soti nan pwodiksyon generalize kilti komèsyal nan 19yèm syèk la pou l vin pwodiksyon pou otosifizans ak espesyalize pandan entegrasyon li nan lavi fèm monastik pou Mount Saviour Monastery a, ki te achte pwopriyete a nan lane 1950.

Konte Columbia

Barringer-Overbaugh-Lasher House, Germantown – pati orijinal kay la ki te bati ozanviwon lane 1800 se yon enpòtan modèl konstriksyon chapant bwa masif New World Dutch nan yon zòn kote kèk modèl kay 18yèm syèk te idantifye.

Konte Erie

Central Avenue Historic District, Lancaster – anklav byen pwoteje premye achitekti komèsyal ki date ozanviwon lane 1860 rive ozanviwon 1935, gen ladann yon koleksyon enpòtan pi fò stil komèsyal Italianate ak Queen Anne, ki montre yon epòk pwosperite nan vilaj Lancaster a.

The Wayne and Waldort Apartment, Buffalo – Bilding apatman yo te bati nan lane 1897 pou sèvi rezidan klas mwayèn nan devlopman zòn “North Main Street” la kòm yon popilasyon ki tap gwosi rapidman ak nouvo sistèm tramwe a te ankouraje moun vini nan sant vil la.

Haitian Creole

Konte Franklin

Debar Pond Lodge, Duane – te bati nan lane 1939-40 nan tèt Debar Pond, yon bèl dlo ant montay Baldface ak Debar, rezidans senp la ki se koud kreyon achitèk Saranac Lake William G. Distin te resevwa reyinyon fanmi ak zanmi pwopriyetè li yo pou plezi nan Adirondack Mountains yo.

Konte Hamilton

Grace Methodist Church Complex, Speculator – presbitè stil kolonyal olandè lane 1909 ak 1928 la rakonte istwa yon enstitisyon enpòtan nan Speculator; legliz la kontinye sèvi bezwen relijyon alafwa rezidan pèmanan ak sa ki vini pou yon tan yo.

Konte Monroe

Miller-Horton-Barben Farm, Mendon – youn nan premye pyonye nan rejyon an, Salmon Miller, te kreye nan lane 1808, se yon fèm 90 ak tè a ki se youn nan pwopriyete agrikòl pi ansyen nan vil Mendon epi ki rete kòm fèm agrikòl jiska jounen jodi a.

Konte Nassau

Denton Homestead, East Rockaway – te bati ozanviwon lane 1795, ansyen tavèn ra ki la toujou ak fèm nan premye epòk vilaj la te sèvi kòm yon baz pou kat jenerasyon aktivite devlopman lotisman pouse fanmi Denton an.

Konte Niagara

Niagara Falls School District Administration Building, Niagara Falls – Bilding biwo stil Neyoklasik 1928 la te bati pandan yon deseni kote Konsèy Edikasyon Niagara falls la tap agrandi lokal lekòl piblik li yo pou resevwa plis moun ak konbinezon de sistèm lekòl vilaj.

Konte Ontario

Woodlwan Cemetery, Canandaigua – simityè a te kreye nan lane 1884 lè de teren epòk kolonizasyon te rive nan kapasite yo epi yon gwoup sitwayen te fòm Canandaigua Cemetery Association an pou kreye yon nouvo simityè modèn ki tap montre bote ak enpòtans vilaj la.

Konte Oswego

Derrick Boat No. 8, Oswego – yo konnen kòm youn nan kèk baj derrick ki mache ak vapè ki la toujou k ki te travay sou New York State Barge Canal System, bato fè ak bwa te bati nan lane 1927 nan Syracuse pou lock sèvis, fè dragage ak leve pwa sou kanal la.

Konte Putnam

Valhalla Highlands, Cold Spring – ki te konstwi ant lane 1928 ak 1951, kominote a se vizyon de devlopè imigran ki te soti peyi Otrich ak Nòvèj ki te kreye yon lak atifisyèl epi te kòmanse simayen rezidans senp tout kalte pou kapitalize sou demann ki tap grandi pou retrèt ete.

Konte Queens

The Benevolent and Protective Order of Elks, Lodge Number 878, Queens – bilding 1923 la se yon modèl achitekti diferan yon bilding òganizasyon fratènite 20yèm syèk la ki konstwi nan stil Neyo Renesans Italyen an.

Konte Rensselaer

Marsh-Link-Pollock Farm, Brunswick – farmstead la, gen ladann yon fèm ki la depi lane 1840 konsa, se yon kokenn resous enpòtan ak lokal ki reprezante pase agrè Brunswick.

Konte Schoharie

Kay planch youn sou lòt nan 461 Spruce Lake Rd, Summit – rezidans Neyo Grèk la ki te konstwi yon lè nan mitan 19yèm syèk la, te itilize metòd konstriksyon planch orizantal youn sou lòt ou pa abitye wè a – yon sistèm bwa siye kouche youn sou lòt epi fikse ak klou ak pinèz.

Konte Schuyler

Second Baptist Church of Wayne, Wayn – jounen jodi a yo rele l Wayne Village Baptist Church la, kay adorasyon stil Neyo Grèk 1848 la kenbe yon wo nivo entegrite achitekti.

Konte Suffolk

Sylvester Manor, Shelter Island – Sit 225 ak tè a te gen ladann manwa Jòjen 1737 la ansanm ak akeyoloji enpòtan sou plan nasyonal ki bay kokenn prezantasyon premye relasyon ant Ameriken Ewopeyen, Ameriken natif ak ameriken afriken esklav ki te angaje nan fabrikasyon kanon ak lòt aktivite pou voye pwovizyon nan plantasyon nan peyi Babad.

Konte Ulster

Kolonèl Oliver Hazard Payne Estate, Esopus – Nomisasyon an pwolonje yon lis Rejis Nasyonal 2002 pou matye eleman istorik pwopriyete a jan yo bati nan lane 1909 la epi gen ladann tout estrikti istorik ki te pote kontribsyon yo ki te fini oswa tap konstwi nan epòk Payne te mouri nan lane 1917.

Konte Yates

The Beddoe-Rose Cemetery, Jerusalem – ti simityè epòk kolonizasyon, nan sa ki kounye a se Keuka Lake State Park, gen ladann tonm 14 manm de nan fanmi ki te vini pi bonè eki pi koni nan zòn nan, ki te tabli nan lane 1815 epi te kontinye itilize ti mòso tè a pou antere moun jiska lane 1908.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou nominasyon yo sou [sitwèb](#) Office of Parks, Recreation and Historic Preservation.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE